

# KUPUPURA KWA JOSEPH SMITH



© 1980 by Intellectual Reserve, Inc.

All rights reserved

Printed in the United States of America

Translation of *The Prophet Joseph Smith's Testimony*

Shona 1984

# KUPUPURA KWA JOSEPH SMITH

Ndakaberekwa mugore raShe wedu 1805 musu wa 23 December (Zvita) muguta rinonzi Sharon, mudunhu re Windsor, muruwa rwe Vermont. Baba vangu Joseph Smith, vakabva muruwa rwe Vermont vachitamira ku Palmyra, Ontario (yavekunzi Wayne zvino) muruwa rwe New York ini ndava namakore gumi okuberekwa, kana kuti ndapfuura ipapo zvisihoma shoma. Mushure mamakore mana tiri mu Palmyra, baba vakatamira kuManchester, mudunhu rakare re Ontario nemhuri yavo yose.

Mugore redu rechipiri tatamira kuManchester, vanhu venzvimbo yataigara vakatangisa kuda kutaura nezvokunamata nenzira inoshamisa. Kwakatanga ma Whisiri, asi zvikapararira kuna mamwe mapoka nenguva shoma shoma. Chokwadi ruwa rwose rwakanga rwazara nomweya uyu vanhu vazhinji mumapoka na mapoka vakabatana mumasvondo akasiyana siyana. Zvakapesanisa nokugumanisa vanhu zvikuru, vamwe vaichema vachiti, "Kwedu kuno!" vamwe vachiti, "Kwedu chete!" Vamwe vaida MaWhisiri, vamwe vachida Presbyterian vamwe ma Baptist.

Kana dai zvazvo vanhu vakanga vatendeukira muzvikwata zvakasiyana siyana izvi panguva yokudzoka kwavo, vairatidza rudo rukuru, vafundisi vacho vairatidza kushinga kukuru mukukurudzira vanhu kuti vatendeuke, vachiti ivo munhu ngaapinde svondo yaanoda--asi Kutangisa kwakaita vanhu kubva mune iyi svondo vachienda mune iyo, zvakabva zvakonzera kusanzwana kwakanyanya kuvafundisi

nokuvanhu, zvakaita kuti zvose zvavaitaura zvokudana nokunzwana, zvibve zvava chinhu chisina maturo.

Nguva iyoyi ndakanga ndava negumi ramakore rina makore mashanu okuberekwa. Imba yababa vangu yose yakanga yasarudza kupinda Presbyterian, Lucy; amai vangu, madzikoma angu Hyrum na Samuel Harrison; nehanzvadzi yangu Sophronia.

Munguva iyoyi yokunyandanuka kwezvinhu mayererano nokunamata pfungwa yangu yakatambudzika ndikafunga zvikuru. Kunyange zvazvo pfungwa dzangu dzakanga dzakadzika ndakaramba ndakakwangwamara ndisiri mukati mavo kana zvazvo ndaipinda misangano yavo pandainge ndakwanisa. Mukufamba kwenguva pfungwa yangu yakavamba kurerekera kuma Whisiri, ndikanzwa mwoyo wangu uchiti ndibatane navo, asika kwakanga kuine kupesana kwakanyanya kwazvo nokusapindirana pakati pedzisivondo dzakasiyanya siyana, zvokuti zvakanga zvakawoma chaizvo kuti mwana mudiki akanga akaita seni asina ruzivo rwavanhu nenyika akwanise kupatsanura kuti vokuti vari kuita zvakanaka vokuti vari kutadza.

Dzimwe nguva pfungwa yangu yaidzungaidzwa, kuchema nebishi zvakange zvakakura.

Mukati mokubishana kwese uku, nguva zhinji ndaizvibvunza kuti: Zvino chii chingaitwe? Nderipi boka pamapoka ose aya riri kuita zvakanaka; kana kuti ose mapoka ari pamwe chete ari kutadza? Kana paine boka riri kugona, nderipi racho, uye ndingarizive sei?

Ndichitambudzika nokupesana nebishi rakanga riri pakati pamapoka avanamati akasiyana siyana, rimwe zuva ndakanga ndichiverenga rugwaro rwa Jakobo;

muganhu wokutanga ndima yeshanu, inoti:  
*Kana paine mumwe wenyu apererwa  
 nenjere, bvunzai Mwari, uyo anopa  
 kuvanhu vose zvakawanda,  
 asingakahadzike, anozvipihwa.*

Hakuna chinhu chakarova mwoyo wangu nesimba samazwi aya panguva iyoyo. Mazwi aya akapinda nesimba guru mumwoyo wangu. Ndakafunga ndafungazve, ndichiziva kuti kana paine munhu aida njere kubva kuna Mwari, ndini, nokuti ndakanga ndisisazive chokuita, kunze kwokunge ndaitowana njere zhinji, hakuna chandaiziva; nokuti vafundisi vedzisvondo dzakasiyana siyana vaiva namatsananguro avowo ndima yeBhaibheri iyi, zvokuti kwaitove kuparadza nguva kuti titsvake kupindirana muBhaibheri.

## **Zvaakaradzwa**

Pakupedzisira ndakanga ndisisazive zvokuita ndikafunga kuti kune zvinhu zviviri zvandaifanira kuita, kugara murima nokusaziva kana kuita sokutaura kwa Jakobo kwokuti bvunza Mwari. Ndakashingirira kuti “ndibvunze Mwari”, ndikati ini kana achipa njere kune vasina, ndakafanira kuedza.

Saka mayererano nepfungwa dzangu dzokuti ndibvunze Mwari, ndakaenda musango kundozviedza. Raiva zuva raiyevedza kwazvo, kusina namakore ose, ari mangwanani enguva yepfumvudza yokutanga mugore ra 1820, yaiva nguva yangu yokutanga kuita izvi, nokuti kana mumadzudzo ose andaiona handina kumboyedza kunamata ndichidudza mazwi.

Mushure mokusvika panzvimbo yandakanga ndasarudza kundonamata ndiri, ndakatarisa tarisa ndokuona kuti ndiri ndega, ndakapfugama ndokutangisa kunamata

ndichitaura zviru mumwoyo mangu kuna Mwari. Ndisati ndatombo dii, ndakanzwa kubatwa nechimwe chinhu chaiva nesimba rakabva randinetesa, richibva rabata rurimi rwangu zvokuti handina kuzogona kutaura. Ndakakwidibirwa nerima guru, ndakaona kwechinguvana hupenyu hwangu sohwapera.

Asi ndakaisa simba rangu rose mukudaidza Mwari kuti andinunure pasimba rechinhu chakanga chandiwira ichi. Chinguva ichocho ndiri mukutya kukuru uku, ndatozvipira kuti ndava kufa, muchinguva ichochi chandainzwa kubatwa nechinhu chinesimba randisina kunge ndakambonzwa muhupenyu hwangu hwose, ndakaona murazvo wechiedza uri pamusoro pangu chaipo. Chiedza ichi chakanga chakachena kupfuura chiedza chezuva, chikatanga kudzika zvishoma zvishoma dakara chawira pandiri.

Kusvika kwakangoita chiedza ichi pandiri muvengi uya akanga andibata akabva andiregera. Chiedza chava pandiri ndakaona zvimiro zvavanhu vaviri vaipenya zvinoshamisa, vamire pamusoro pangu mumhepo. Mumwe wavo akataura kwandiri, achindidaidza, nezita rangu, achinongedzera mumwe wacho--achiti, *Uyo mwanakomana wangu, mumunzwe.*

Chandakanga ndasimukira kuti ndindobvunza Ishe, ndaida kuziva kuti svondo yakanaka ndeipi, kuti ndizive kuti ndopinda ipi. Ndakabvunza vanhu vaviri ava kuti svondo yakanaka ndeipi, yandingapinda. Ndakapindurwa kuti hakuna yandakafanira kupinda, nokuti dzose dzakanga dzichitadza zvino munhu akanga achitaura akati svondo dzose idzi dzinonyadzisa pamberi pake, vose vadzidzisi vadzo vaiva vakaipa, "vanhu vanoswedera kuna Mwari nemiromo yavo chete, asi mwoyo yavo iri kure naye,



**“Mayererano nepfungwa  
dzangu dzokuti ndibvunze  
Mwari, ndakaenda musango  
kundozviedza.”**



**“Ndakaona murazvo  
wechiedza uri pamusoro  
pangu chaipo.”**



vanodzidzisa mirau yavanhu: vachinge vane humwari; asi vanoramba simba riripo.”

Akandirambidza zvakare kusangana navo vedzisvondo: Akataura zvinhu zvizhinji kwandiri, zvandisinga kwanise kunyora iye zvino. Pandakazopepuka ndakaona ndakaita manhede, ndakatarisa kudenga...

Mushure mamazuva akati ndaona chiratidzo ichi, ndakataura nomumwe muparidzi wemaWhisiri tichitaura nezvokunamata. Ndakafunga kuti ndimutaurire nezvechiratidzo chandakanga ndaona. Kuita kwake kwakandishamisa. Akazviita zvinhu zvisina maturo, akati iye kuita kwa satani, akati hakuna zvakaita sezviratidzo nokuzarurirwa mazuva ano, akati zvishamiso zvose zvakapera kupera kwakaita vadzidzi va Jesu, akati nokudaro hakuchazofa kwakaita zvishamiso zvakare.

Ndakaona kuti kutaurira vanhu kwandakanga ndaita chiratidzo chandakanga ndaona kwakakonjera kutaura kwakaipa pamusoro pangu, kukaita kuti nditambudzwe zvikuru; kuvengwa kukawanda, zvokuti kana dai zvazvo ndaiva kakomana kamakore gumi namana kana namashanu okuberekwa, ndisiri munhu aiva nechinhu chingashamisa, vanhu vakuru vari munzvimbo huru vaipesvera vanhu kuti vandivenge, zvokuti vaigara vachindifusa, izvi zvaitwa nedzisvondo dzose, dzakabatana mukundivenga nokundifusa.

Zvakandinetsa ndikafunga zvakadzika kwazvo, kuti zvinoshamisa kuti mukomana mudiki wamakore gumi namana okuberekwa, asina chaainacho kana chinoshamisa, ari kutambudzikira hupenyu hwake, angava munhu akafanira kunetsa pfungwa dzavakuru vakuru vedzisvondo, zvokuti mumwoyo yavo muve noruvengo nokutuka kukuru. zvinoshamisa asi ndozvazvaiva, zvaindikonzera kusuwa

kukuru.

Asika chakanga chiri chokwadi kuti ndakanga ndaona chiratidzo. Tinogaroti panguva iyoyo, ndakaita sa Paul, nguva dzaakazviturira pamberi paShe Agrippa, akaronedzera chiratidzo chaakanga aona nechiedza nezwi raakanzwa, asika vashoma vakazvitenda, vamwe vakati haataure chokwadi, vamwe vakati ava kupenga, akasekwa akatukwa. Asika zvose izvi hazvina kubvisa chiratidzo chaakanga aona. Akanga aona chiratidzo, aizviziva kuti akaona chiratidzo, hakuna kutukwa kana kufuswa kwakakura sei kwaizoita kuti ashaye kuziva kuti akanga aona chiratidzo, kana dai vaimunetsa nokumuita zvinoita kuti afe. Akadakara kusvika pakutandadza achizviziva kuti akanga aona chiratidzo, akaona chiedza akanzwa izwi richitaura kwaari, saka pasi pose hapaigona kumubvisa papfungwa iyi.

Ndozvazvakanga zvakaita kwandiri. Ndakanga ndanyatsoona chiedza, muchiedza imomo muina vanhu vaviri, vakataura kwandiri pachokwadi; saka kuvengwa kwangu ndichivengerwa kuti ndati ndakaona chiratidzo hakwaiyamura nokuti chaiva chokwadi. Zvino pavakanga vachindifusa, vachindituka nokundinyomba nokutaura zvakaipa pamusana pangu, nokundirevera nhema, ndakanzwa mwoyo wangu uchiti: Ko munondifusireiko ini ndichitaura chokwadi? Ndakaona chiratidzo, ko ini ndiri aniko angaite nharo naMwari, kana kuti iyo nyika inofungireiko kuti ndakafanira kuramba zvandakaona? Nokuti ndakanga ndaona chiratidzo ndaizviziva, ndaizivawo; kuti Mwari aizviziva, zve handaigona kuzviramba, handaitombozviita, ndaiziva kuti ndikazviramba ndava kutsamwisa Mwari zvinoita kuti ndiraswe.

Pfungwa yangu yakanga yaguta nokuita

kwevedziszvondo, ndikaziva kuti handaifanira kunamata navo kudakara ndataurirwa zvokuita. Ndakaona kuti mazwi a Jakobo akanga ari echokwadi, okuti avo vasina njere ngava bvunze Mwari, vagowana.

## **Kushanya kwa Moroni**

Ndakaramba ndichiita mabasa angu andaiita kudakara muna September 21 mugore ra 1823, nguva yose iyi ndiri ndaiva mukati mokutambudzwa nokufuswa namapoka akasiyana siyana, anonamata na asinganamate, nenzira yokuti ndakaramba ndichiti ndakaona chiratidzo.

Kubvira panguva yandakaona chiratidzo kusvika mugore ra 1823, somunhu akanga akarambidzwa kupinda dzisvondo, zvino ndakanga ndichiri mudiki, ndiri ndaitambudzwa nokufuswa naavo vaifanira kunga vari shamwari dzangu sezvo vari vaifanira kundibata norudo, zvino kana dai vari vaifunga kuti ndava kupenga vaitofanira kunga vakandibata zvakapfava norudo kuti vandidzose, ndakasiwa ndega mukati mokuwedzwa kukuru, ndichifamba mukati mavanhu vakasiyana siyana, zvaiita kuti ndikanganise zvizhinji, ndikava nokukundwa nohwana hudiki, nezviyedzo zvenyika. Sezvo zvakaita kuti ndipinde muzvinhu zvaishatirisa Mwari. Kureurura kwandinoita uku hakufanire kukuitai kuti mufunge kuti zvimwe ndaiita zvitema zvakasvibisisa, kwete! Handina kunge ndiine mweya wokuita zvinhu zvakasvipa kudarwo, ndaiva kure nazvo:

Nenzira yezvinhu zvose, izvi, ndainzwa, kuti ndakaraswa nenzira yokukundwa kwangu zvino ndaenda kundorara, ndakafunga kunamata nokukumbira ruregerero kuna Mwari rwezvitema zvangu zvose, nokukumbirawo kuti ndiisirwe zvinhu



**“Ndaona munhu (Moroni)  
pedyo nomubheda  
wangu . . . akati Mwari  
anebassa raaneda kuti  
ndiite.”**

pachena kuti ndizive kuti ndimire papi na Mwari. Nokuti ndakanga ndiine ruvimbo rwakakwana kuti ndinoratidzwa sokuratidzwa kwandakanga ndamboitwa.

Saka ndiri mukunamata kudai ndakaona chiedza mumba mangu, chikaramba chichikura kudakara imba yangu yachena sokunge masikati, ndikabva ndaona munhu pedyo nomubhedha wangu, amire mumhepo asina kutsika pasi.

Akanga aine hembe refu yakachena kuti mbuu yakanga yakachena kuchena kusina kufanana nechimwe chinhu pano pasi, zve handifunge kuti pane chinhu chiri pano pasi chingachena zvakadaro. Maoko ake akanga ari pachena, kana tsoka dzake dzakanga dziri pachena namakumbo ake akanga asina kushongedzwa. Mumusoro nomuhuro makanga musina chirimo. Akanga asina dzimwe nhumbi pamuviri wake kunze kwehembe iyoyo, nokuti yakanga yakazarurwa pachipfuva, zvokuti ndaiona zviri mukati.

Hadzizi nhumbi dzake chete dzakanga dzakachena, iye pachake akanga akachena zvinoshamisa, achipenya kumeso kwake sokupenya kwemvura. Mumba makabva mati ngwee, asi kwete sokuchena kwe chiedza chaiva paari. Pandakatanga kumuona ndakambotya, asi kutya uku kwakakurumidza kupera.

Akandidaidza nezita, akati kwandiri mutumwa waMwari atumwa kwandiri, zita rake ndi Moroni, akati Mwari anebasa raanoda kuti ndiite, akati zita rangu richanzwikwa kumarudzi nendimi dzose dzapasi pano munezvakaipa nezvakanaka, zvinoreva kuti vanhu vachataura zvakanaka ne zvakaipa, pamusoro paro.

Akati kune bhuku rakachengetwa, rakanyorwa pamafendefa egoridhe, anorongano rwavanhu vaigara munyika

muno, nekwavakabva. Akatiwo vhangeri rokusingaperi rizere rakanyorwa pamafendefa apa, sokuparidzirwa kwakaitwa vanhu vaigara munyika iyi noMuponesi.

Zvikanziwo paiva namatombo maviri aiva muhoto yendarama--matombo aya, akaroverwa pazingwerengwa rinoiswa pachipfuva, ndozvaidaidzwa kunzi Urim ne Thummim--zvaiva zviripamwe chete namafendefa aya; zvino matombo aya aiva "ari matsvene" akagadzirwa naMwari kuyamura mukududzira zvinyorwa zvebhuku.

Anditaurira zvinhu izvi akatanga kunditaurira mashoko avaprofita vemuBhaibheri dzaru. Akatangisa kunditsanagurira mutsauko wechitatu webhuku ra Malachi; akataurawo mazwi anobva mubhuku romuprofita iyeyu chitsauko chechina kana chokupedzisira, zvisina kunyatsove zvimwe chete nezvatinoverenga mumabhaibheri edu mayererano nezvomuprofita Malachi. Kunze kwokuti ataure mazwi endima yokutanga sezvaakaita mubhaibheri, akaataura achiti:

*Tarisai kuri kuuya zuva richapisa somoto wemvuto, nokudaro vose vano zvikudza, hongu, navo vose vanoita zvakaipa, vachatsva sesora, nokuti avo vachauya vachavapisa, ndiko kutaura kwaShe weHondo haavasiye vaine mudzi kana bazi.*

Akataura mazwi endima yeshanu zvakare achiti: *Tarirai ndichakuratidzai pachena hufundisi hwamuchatsanangurirwa nomuprofita Elijah, zuva rinotyisa rokuuya kwaShe risati rasvika.*

Akataurazve mazwi endima inotevera achiti: *Achadyara mukati memwoyo yavana chitsidzo chakaitwa kumadzibaba avo, nokudaro mwoyo yavana, ichatendeukira kumadzibaba. Dai zvanga zvisingadaro, pasi pose paiparara nomusi*

*wokuuya kwake.*

Achipamhidzira mazwi, aya akataura mazwi erugwaro rwa Isaiah, muganhu wegumi neimwe, akati iye zvakanyorwa murugwaro urwu zvava kuda kuzozadziswa. Akataurawo mazwi ekuMabasa ava Positora muganhu wechitatu, ndima yamakumi maviri nembiri nendima yamakumi maviri nenhatu, sokunyorwa kwadzakaitwa muTestamende Itsva. Akati “muprofiti iyeyo ndi Kristu, asi zuva harisati rasvika rokuti avo vakaramba kunzwa izwi rake vachabviswa mukati mavanhu,” asi zuva riri pedyo kusvika.”

Akataurawo zvakare mazwi a Joel, anowanikwa murugwaro rwake, mumuganhu wepiri, kubvira pandima yamakumi maviri anetsere kusvika pandima yokupedzisira. Akatiwo mazwi aya naiwo haasati azadzikiswa, asi achazadzikiswa muchinguva chiri kutevera. Akataurawo kuti kuponeswa kwaavo vasina kumboziva Mwari kwava kuzosvika. Akataura pamusoro pamamwe magwaro, akatsanangura zvizhinji zvisinga kwanisike kutaurwa pano.

Akanditaurira zvakare kuti kana ndawana mafendefe aya aakanga anditaurira--handina kufanira kuaratidza munhu--nokuti nguva yawo yakanga isati yasvika; kana kutaura nezve--ngwerengwa rine Urim ne Thummim; kunze kwaavo vandinenge ndaudzwa kuti ndiratidze kudai nezvemafendefa, pfungwa yangu yakazaruka-e ndikaona panzvimbo paiva namafendefa aya, ndakanyatsoaona zvekuti pandakazoenda kunzvimbo iyi ndakanga ndava kutoiziva. Apedza kutaura neni kudai ndakaona chiedza chose chava pamurume uyu akanga achitaura neni, imba yose ikaita rima kunze kwepaakanga amire iye chete: pakarepo ndikaona kanzira kakati tasa kachienda kudenga, akabva akwira nako, dzamara ndisisamuone, imba ikasara yaita zvayakanga yakaita chiedza

chokudenga ichi chisati chapinda.

Ndakasara ndirere ndichifunga  
nechishamiso ichi, ndichishamiswawo  
zvikuru nezvandakanga ndataurirwa  
nenhumwa inoshamisa iyi, pakarepo, ndiri  
mukati mokufunga uku, pfungwa  
dzakadzama chaizvo, ndakayerekana  
ndaona imba yangu yava kutangisa kuchena  
zvakare, muchinguva ichocho, ndikaona  
mutumwa wa Mwari andakanga ndabva  
kutura naye amira pedyo nomubheda  
wangu zvakare.

Akatangisa kunditaurira zve zvole zvinhu  
zvaakange ambonditaurira pakushanya  
kwake kwokutanga, asina paaipesanisa:  
apedza izvi akandiudza nokutongwa kukuru  
kuchauya panyika, nokutambudzika kukuru  
kunokonzerwa nenzara, nehondo,  
nezvirwere; akatiwo kutongwa uko kunouya  
kuchizvarwa chiripo iye zvino. Apedza  
kutura izvi akakwira kudenga sokukwira  
kwaakanga aita pakutanga.

Panguva iyi mazwi andakanga  
ndataurirwa akanga andisvika pamwoyo,  
zvokuti handina kuzowana hope, ndakarara  
ndichishamiswa nezvandakanga ndaona  
nokunzwa. Munofunga ndakashamiswa  
zvakadii kuona mutumwa uya zvakare ave  
pedyo nomubhedha wangu zvakare,  
ndichiterera zve achidzokorora zvaakanga  
ambonditaurira zvole, akagondiyambirawo,  
achiti satani ahandiyedza (nokuona  
hurombo hweimba yababa vangu), kuti  
nditore mafendefa egoridhe aya  
ndiatengese, ndipfume. Akandirambidza  
pfungwa yakadaro, akati ndakafanira kutora  
mafendefa aya kuti Mwari akudzwe, parege  
kuva nechimwe chinhu kunze kwokuda  
kuvaka humambo hwaMwari, nokuti kana  
ndaiva neimwe pfungwa isiri iyi handaiwana  
mafendefa egoridhe aya.

Mushure mokushanya kwake kwechitatu



uku, akakwira zvakare kudenga, ini ndikasara ndichifunga nezvinhu zvinoshamisa zvandakanga ndaona nhumwa iyi ichangobva mukukwira kudenga, ndakanzwa jongwe kurira, ndikaona kuti kunze kwave kutoedza, zvakandiratidza kuti hurukuro yedu yakanga yatora usiku hwose.

Mushure mechinguvana ndakamuka, ndikaenda kumabasa angu amazuva ose; asi pakuedza kuti ndiite basa, ndakaona ndisina simba ndakaneta, ndisingagone kubata kana chii zvacho. Baba vangu vakanga vachiita basa pamwe chete neni, vakaona kuti handisi kukwanisa kushanda, vakanditi ndiende kumba. Ndakafunga kuti ndiende kumba, asi, pandakati ndidarike ruzhowa rwokunze kwomunda, ndakabva ndashaya simba, ndikapunzika, kwechinguva ndakaramba ndakangoti pfavava ndisina chandiri kuziva.

Chokutanga chandichaziva ndechokunzwa izwi richindidaidza nezita rangu chairo, ndakatarisa kudenga ndikaona nhumwa iya yakambouya kwandiri, yakakomberedzwa nechiedza senguva dzose. Akanditaurira zvose zvaakambenge anditaurira usiku, akanditi ndiende kuna baba vangu ndindovataurira zvandakararatidzwa nemirau yandakaudzwa.

Ndakateerera, ndakadzokera kumunda kwaiva nababa vangu, ndikavaudza nyaya yose. Vakapindura vachiti ndezvaMwari, vakandiudza kuti ndiende ndindoita sokutumwa kwandakanga ndaitwa nomutumwa. Ndakabva mumunda ndikaenda kunzvimbo yandakanga ndaudzwa nomutumwa kwakanga kwakavigwa mafendefa aye. Nenzira yokujekeserwa kwandakanga ndaitwa mayerano namafendefa aya, ndakabva ndaziva nzvimbo iyi kusvika kwandakaita pairi.

## **Magwaro Anoyera**

Pedyo nomusha we Manchester mudunhu re Ontario, mu New York, pane gomo guru kwazvo, riri iro rakareba kupfuura mamwe ose munzvimbo iyoyi. Nechokumadokero egomo iri, pedyo napamusoro pegomo, ndo paiva namafendefa aya, akaiswa mubhokisi rebwe. Ibwe iri rakanga riri gobvu rakaita denderedzwa nechapamusoro, richitetepa kumhenderekedzo, zvaiita kuti pakati paro pabude kunze pachionekwa, asi kumwe kwose kwakanga kuri muvhu.

Ndabvisa ivhu, ndakatora danda, ndikapinyura dombo iri. Ndakatarisa mukati, ndikaona chokwadi nuine mafendefa aya, Urim ne Thummim, zvose nezingwerengwa sokutaura kwakaita nhumwa. Bhokisi rakanga riine mafendefa aya rakanga rakaitwa namabwe akabatanidzwa. Pasi pebokisi iri paiva namatombo maviri akachinjikwa, pamusoro pamatombo aya ndopaiva namafendefa nezvimwe zvose.

Ndakada kuatora ndikabva ndarambidzwa nomutumwa uya ndikaudzwawo kuti nguva yokuti aburitswe haisati yasvika, haizosvika kudakara kwapera makore mana kubvira musi, iwowo; asi akanditi ndakafanira kudzokera panzvimbo iyi kamwe chete pagore, iye achisangana neni ikoko kudakara nguva yokuti mafendefa aya achitorwa, isvike.

Sokutaurirwa kwandakanga ndaita, ndaienda kunzvimbo iyi kamwe chete pagore, ndichingosangana nomutumwa uya, ndichitaurirwa kuti Mwari achaita sei, zve nokutiwo anoda kuti Hushe Hwake huitwe sei mumazuva okupedzisira.

Sezvo baba vangu vakanga vasiri mupfumi, taifanirwa kushanda namaoka edu, tichindoshandira vamwe nezvimwe


zvakadaro. Dzimwe nguva tainge tiri pamusha, dzimwe nguva tiri kumwe, asi nokushanda uku, takakwanisa kudya tichiguta.

...Mumwedzi wa October, 1825, ndakatorwa kuti ndindoshandira mumwe murume akanga ati kurei ainzi Josiah Stoal, wedunhu re Chanango, New York.


Panguva yandaishandira murume uyu ndakanga ndichigara nava Isaac Hale, voku Harmony, mudunhu re Susquehanna, Pennsylvania. Ndiko kwandakaonera mudzimai wangu, (mwana wake), Emma Hale. Musi wa January 18, gore ra 1827 takachata, ndichiri kushandira va Stoal. Mushure mokuchata kwangu, ndakabuda basa kwava Stoal, ndikaenda kuna baba vangu ndikandorima navo gore iroro.

Nguva yokuti mafendefa aya neUrim ne Thummim zvichitorwa yakasvika. Muzuva rechimakumi maviri ane maviri mumwedzi wa September, mugore ra 1827, ndakaenda setsika yangu kunzvimbo iya yakanga yakachengeterwa mafendefa aya, mutumwa wa Mwari uya akandigashidza mafendefa aya iye ega. Akati ndiachengetedze kwazvo kushaye chinouya kwaari, kuti kana ndikarega achienda nokushaya hanya, kana kurasika, ndinobva ndabviswa: asi kana ndikaedza kwose kwandinako kuachengetedza, kudakara kusvika nguva yaachadzokerwa nomutumwa waMwari, hakuna chinozoawana.

Hazvina kunditorera nguva huru ndisati ndaona chikonzero chakaita kuti mutumwa waMwari andipe mirau yakaoma kwazvo mayererano namafendefa aya, nezvaakange ataura kuti kana ini ndapedza zvinodiwa kuti ndiite nawo iye aizouya oatora. Nokuti nguva yazvakangozikanwa chete kuti ndinawo vazhinji vakaedza nenjere namasimba avo ose kuti vaabvute kwandiri. Kwakayedzwa



**Pakupedzisira nguva  
yokugamuchidzwa  
mafendefa yakasvika.**



**“ndatangisa kunyora  
zvandakanga ndichibvisa  
pamafendefa”**

zvokasiyana siyana kuti nditorerwe mafendefa aya. Kufuswa nokunetswa kwakakura, vanhu vakaedza kwose kwavaigona kuti vandibvutire mafendefa aya. Asi nokuda kwaMwari hakuna akakwanisa kuabvuta dakara ndapedza zvandaiita nawo. Sokuronga kwatakanga taita, mutumwa waMwari akadzoka akazitora mafendefa aya, iye zvino anawo akaachengeta kusvikira nguva ino zuva rechipiri romwedzi wa May, 1838.

Vanhu vakaramba vachishushikana nokuda kuziva zvandaiva, zvokuti kune nhema dzinotaurwa mayererano nemhuri yababa vangu uye nezvangu. Dai ndikada kutaura zvishoma shoma chaizvo nezvaiita vanhu ku mhuri yababa vangu ndingatoadza mabhuku mazhinji kwazvo. Ndakatambudzwa zvakanyanya zvokuti ndakafunga kubva mu Manchester, ini nomudzimai wangu takaenda ku Susquehanna muruwa rwe Pennsylvania. Tiri mukugadzirira rwendo urwu, zvinhu zvakanga zvakatiomera savanhu vakanga vari varombo, vari mukati mokutambudzwa zvakaipa, takawana shamwari murume ainzi Martin Harris, akuuya kwatiri akandipa makumi mashanu amadhora kuti tikwanise kuenda rwendo rwedu. VaHarris vaigara muguta re Palmyra, mudunhu reWayne, muruwa rwe New York, aive murimi akanga achikudzwa kwazvo.

Noruyamuro rukuru urwu ndakakwanisa kutamira kunzvimbo yandaida ku Pennsylvania. Kusvika kwandakaita panzvimbo iyi ndakabva ndatangisa kunyora zvakakanga ndichibvisa pamafendefa aya. Ndakanyora zvakanyanya ndikayamurwa kuzviturikira ne Urim ne Thummim, izvi zvirivandakakwanisa kuita kubvira panguva yandakasvika pamusha pavatezvera vangu mumwedzi wa December, kusvika muna

February.

Makare mumwedzi wa February, vaHarris vava vakauya panzvimbo patakanga tigere, vakatora zvandakanga ndanyora, vakaenda nazvo ku guta re New York. Kuti munzwe zvakaitika kwavari nezvinyorwa zvacho, totonzwa zvavakataura ivo pachavo kudzoka kwavakaita.

Vakati: “Ndakaenda kuguta re New York, ndokundoratidza zvinyorwa zvakanga zvaturirwa kuno mumwe murume akanga akafunda zvikuru ainzi Charles Anthon. Murume uyu akati kududzira kwakanga kwaitwa kwezvinyorwa zviripamafendefandokwe chokwadi kupfuura zvimwe zvaachiona zvakadudzirwa kubva mumutauro wema Ejipita. Ndakamuratidza mafendefa asati adudzirwa akati iye akanyorwa nechijipita, chiChaldaic, chiAssyriac uye nechirudzi chama Arabu, akati zvoze ndezvechokwadi. Akabva andiparugwaro rwokuti ndindoratidza vanhu vePalmyra kuti zvinyorwa izvi ndezvechokwadi zvakadudzirwa nomazvo. Ndakatambira gwaro iri ndikaisa muhomwe. Ndava kuda kuenda, va Anthon vakandidaidza vakati ndidzokere muhofisi mavo, vakandibvunza kuti ko iye mwana mudiki akadai akaziva sei kuti ndiro dzegoridhe idzi dzaiva panzvimbo paakadziwana. Ndakapindura ndichiti akaraticidzwa nengirozi yaMwari.

“Akabva ati kwandiri, ‘Ndipe tione rugwaro rwandakupa.’ Ndakaburitsa rugwaro rwuya ndikamupa, arutora akarubvarura, achiti hakuna chinhu chinonzi nengirozi dzinotaura pano pasi, akati zve dai ndikamupa mafendefa acho aizoaturikira iye. Ndakamutaurira kuti mamwe amafendefa aya akanga akanamwa, zve handaibvumirwa kumupa. Akapindura achiti, ‘Handiverenge bhuku rakanamwa.’ Ndakamusiya ndikaenda

kuna Dr. Mitchell, uyo akasvikobvumirana naAnthon mayererano nokududzirwa kwakanga kwaitwa zvinyorwa zvapamafendefa egoridhe.”

Musi wa 5 April, mugore ra 1829, paimba pangu pakauya murume ainzi Oliver Cowdery, murume uyu handina kumbenge ndakamuona hupenyu hwangu hwose. Akandiudza kuti akanga achidzidzisa pachikoro chaiva pedyo nomusha wababa vangu, nokudaro iye akatombogara mumba mababa vangu, zvokuti achigarako akataurirwa nezvokutambira kwangu mafendefa aya, saka iye akanga auya kuzonzwa nezvebasa iri.

Kwaperera muzuva maviri va Cowdery vasvika (zvinoreva kuti wakanga wava musu wa 7 April), ndatotangisa kududzira Bhuku ra Mormon, iye achindinyorera.

## **Hufundisi Hunodzorerwa Pakare**

Tichifambira mberi nebasa redu rokududzira zvinyorwa zvapandiro dzegoridhe, rimwe zuva mumwedzi wa May 1829, takaenda musango kundonamata tichibvunza kuna Mwari nezvorubhabhatidzo runobvisa zvitadzo, rwatakanga tanzwa ruchitaurwa muzvinyorwa.

Tiri mukati mukunamata nokukumbira Mwari kudai, mutumwa wa Mwari akaburuka kubva kudenga ari mugore jena, akaisa maoko ake pamusoro pedu, ndokutipa masimba achiti:

“Pamuri, hama varanda, muzita ra Mesia ndinokupai simba reHufundisi hwa Aaron, uhwo hune kiyi dzokuparidza kwengirozi, nedze Vhangeri rokutendeuka, nerokubhabhatidza kwokunyudza mumvura kubvisa zvitadzo, izvi hazvichazobviswa zvakare panyika, kudakara vana va Levi vapira mupiro wavo zvakare kuna Ishe



mukururama.”

Akati Hufundisi hwa Aaron hahuna simba rokuisa munhu maoko pamusoro kuti agashire Mweya Mutsvene, asi kuti izvi zvichazoitwa kwatiri pashure, ndokutiudza kuti tindobhabhatidzwa, ndokuti ini ndibhabhatidze Oliver Cowdery, iye agozondibhabhatidzawo.

Naizvozvo takaenda tikandobhabhatidzwa. Ndakatanga ndamubhabhatidza, akazondibhabhatidzawo mushure mezvo ndakamuisa maoko pamusoro ndikamupa simba reHufundisi hwa Aaron, mushure mezvo iye akandiisawo maoko pamusoro akandipawo masimba eHufundisi humwe chetehwo nokuti ndozvatakanga taudzwa kuti tiite.

Mutumwa waMwari akatishanyira musi uyu achizotipa Hufundisi akati anonzi Jowani, mumwe cheteyo na Jowani muBhabhatidzi wemu Testemende Itsva, akatiwo akanga atumwa na Peter, James, na John, avo vaiva ne kiyi dzeHufundisi hwa Melchizedek, huri Hufundisi hwakanga huchazopihwa isu nokufamba kwenguva, nokutiwo ini ndichadaidzwa somufundisi wo kutanga we Svondo, nokuti iye (Oliver Cowdery) anenge ari wechipiri. Rakanga riri zuva regumi neshanu mumwedzi wa May 1829, patakagadzwa nenhumwa yaMwari, tikabhabhatidzwa.

Tichangobuda mumvura mushure mokubhabhatidzwa kwedu, takaona zvinhu zvizhinji zvaropafadzo akabva kuna Baba wedu Wokudenga. Ndichingobva mukubhabhatidza Oliver Cowdery mweya Mutsvene wakabva wasvika paari, akasimuka akaprofita zvinhu zvichaitika panguva pfupi iri mberi. Neniwo ndichangobva mukubhabhatidzwa ndakava nomweya wokuprofita, ndikasimuka ndikaprofita kumuka kwe Svondo ino,

nezvimwe zvizhinji zviru mayererano neSvondo ino, nezvechizvarwa chazvino. Takazadzwa noMweya Mutsvene, tikafara muna Mwari wedu woruponeso.

Pfungwa dzedu dzajekeswa zvino takatangisa kunzwisisa magwaro, tikatangisa kuziva zvaireva ndima dzamagwaro aya ayishamisa nenzira yatakanga tisingagone kuita pakutanga, zvatisina kumbofungira. Panguva iyo takaona kuti hakuna atinotaurira nokugashira kwedu Hufundisi nezvokubhabhatidzwa kwedu, nenzira yokuti takanga tichiona mweya wakanga wava munzvimbo iyi wokusatida.

Takanga tayambirwa kuti ticharohwa nemhomho yavanhu, izvi zvichiitika nguva nenguva, zvichiitwa navanhu vakadzidza magwaro ezvokunamata zvikuru. Zvavaida kutiita zvaitadziswa nokunyara kwavaiita mhuri yavatezvera vangu, (kuburikidza nokuda kwaMwari), avo vakanga vachindida chaizvo, vasingade mhomho dzavanhu, vachida kuti ndiite basa rangu rokududzira zvinyorwa pasina zvipingaidzo, vakatipa nokutivimbisa rudziviro muzvinhu zvose zvakaipa zvaifungwa navanhu (Joseph Smith 2:3-75)

## Vapupuri

Tiri mukati mebasa rokududzira zvinyorwa iri, takati ngakuve navapupuri vatatu vanomiswa naMwari, agovapa mvumo yokuona mafendefa aiva nezvinyorwa zvaizo-dudzirwa kuti Bhuku ra Mormon rinyorwe, nokutiwo vapupuri ava vakafanira kupupura zvichanyorwawo, muBhuku raMormon, nera Ether, muganho weshanu, ndima yechipiri, yechitatu neyechina; nebuku ra 2 Nephi, muganhu wamakumi maviri nenomwe ndima yegumi nembiri. Pakarepo tichangobva mukuita izvi, Oliver

Cowdery, David Whitmer na Martin Harris vakati dai ini ndavakumbirira kuna Mwari kuti tizive kuti havangaitwe here vapupuri vatatu vaya vari kudiwa. (Mwari akavhunzwa, zvikaiswa pachena kuti varume vatatu ava ndivo vapupuri.)

Kusati kwapera mazuva mazhinji, Martin Harris, David Whitmer, Oliver Cowdery neni takabvumirana kuti tiende kusango tindoyedza nesimba nokuzvirereka, kukumbira nomunamato kuti zvakavimbiswa zvizadziswe--kuti vabvumirwe kuona mafendefa ane zvinyorwa. Saizvozvo takasarudza chisango chaiva pedyo neimba yava Whitmer, ndokuendako, ndokutanga kunamata norutendo rukuru kuna Samasimba, Mwari, kuti atipe zvaakatvimbisa.

Sokuronga kwatakagara takaita, ndakatanga ini kunamata kuna Baba wedu ari Kudenga, vamwe vangu vachizoteverawo mumwe nomumwe. Pakutanga hapana mhinduro kana chiratidzo chatakaona. Takanamatazve tichitevedza sapakutanga, mumwe nomumwe wedu achinamata, waanotevera apedza, nesimba guru kuna Mwari, asi hakuna chakaitika zvakare.

Takundikana kechipiri, Martin Harris akati akafanira, kubva patiri nokuti aiva nechifungidziro chokuti iye ndiye aitadzisa miteuro yedu kudairwa. Akabva patiri, isu tikapfugama, asi tisati tanamata kwenguva huru takaona chiedza pamusoro pedu chaipenya zvikuru; tikaona ngirozi yamira pamberi pedu. Mumaoko mayo yakanga yakabata mafendefa aya. Yakavamba kutiratidza zvakanyorwa paari tikazviona zvakana chaizvo. Akataura kuna David Whitmer achiti, "David, Ishe ngaakomborerwe, neuyo anochengeta mirau yake ngaakomborerwe," mushure mezvo,



**Musi wa 15 May, 1829  
Johane Mubhabhatidzi  
akagadza  
hufundisi hwa Aaron  
pana Joseph Smith  
na Oliver Cowdery.**



**“Tikaona mafendefa,  
nezvakanga zvakanyorwa  
paari . . . tinopupura kuti  
zvinhu izvi ichokwadi.”**

takanzwa izwi richibva muchiedza richiti, "Mafendefa aya akaburitswa pachena nesimba raMwari, nokudaro akadudzirwa nesimba raMwari. Kududzirwa kwawo kwamaona ndokwe chokwadi, saka ndinokuudzai kuti mupupure zvamaona nezvamanzwa."

Panguva iyi ndakasiya David na Oliver ndikatevera Martin Harris, andakawana ari panzvimbo yaiva chindhambwe, achinamata zvinamasimba. Akandiudza kuti hapana chaakanga aona nokudaro akandikumbirisa kuti ndinamate naye, kuti naiyewo awane maropafadzo atakanga isu tawana. Takanamata pamwe chete tikabva tawana zvataida, nokuti tisati tanamata kwenguva huru, takaona chiratidzo sechandakanga ndamboona pakutanga, ndikaudzwa zvandakanga ndamboudzwa, panguva iyoyi Martin Harris akadaidzira nokufara kukuru achiti, "Zvakwana, zvakwana! maziso angu aona; maziso angu aona," akasvetuka achidaidzira kuti, "Hosana," achiropafadza Mwari nokufara kukuru.

Vawana zvavaida, kuburikidza nenyasha dza Mwari, zvakanga zvasarira kuvarume vatatu ava kuti vazadzise mirau yavakanga vagashira, kuti vapupure pamusoro pezvinhu izvi! Kutu vaite izvi vakanyora rugwaro rwuri kutevera urwu:

## **Huchapupu Hwavatatu Hwa Vakaona**

"Ngazvizikanwe kumarudzi ose, mumitauro yakasiyana siyana, nokuna vose vachaverenga rugwaro urwu: Kutu isu nokunaka kwa Mwari Baba naShe Jesu Kristu, takaona mafendefa anezvinyorwa izvi, zvinotaura rungano rwavanhu vanonzi ma Nephi, nava Lamanites nehama dzavo, navanhuwo vokwa Jared vakabva

kunzvimbo yakataurwa kare. Tinozivawo kuti akadudzirwa nechipo nesimba raMwari, nokuti izwi Rake rakatitaurira; saka tinoziva nechokwadi kuti basa iri ndere chokwadi. Tinopupurawo kuti takaona zvinyorwa zviri pamafendefa aya: zviri zvakaraidzwa kwatiri nesimba raMwari, kwete romunhu. Tinotaura namazwi, akapfava, kuti ngirozi yakadzika kubva kudenga, ikauya ikaisa pamberi pamaziso edu, tikaona mafendefa, nezvakanga zvakanyorwa paari; tinozivawo kuti inyasha dzaMwari Baba, naShe wedu Jesu Kristu, dzaita kuti tione kuti tinopupura kuti zvinhu izvi ichokwadi. Zvinoshamisa mumaziso edu. Zvisinei izwi raShe wedu rakatituma kuti tive vapupuri kuzvinhu izvi; saka kuti tiite sokuda kwomurau waMwari, tinopupura kuti takazviona zvinhu izvi.

Tinozivawo kuti kana tinorutendo muna Kristu tinoziva nechokwadi kuti basa iri ndere chokwadi. Tinopupurawo kuti takaona zvinyorwa zviri pamafendefa aya: zviri zvakaraidzwa kwatiri nesimba raMwari, kwete romunhu. Tinotaura namazwi, akapfava, kuti ngirozi yakadzika kubva kudenga, ikauya ikaisa pamberi pamaziso edu, tikaona mafendefa, nezvakanga zvakanyorwa paari; tinozivawo kuti inyasha dzaMwari Baba, naShe wedu Jesu Kristu, dzaita kuti tione kuti tinopupura kuti zvinhu izvi ichokwadi. Zvinoshamisa mumaziso edu. Zvisinei izwi raShe wedu rakatituma kuti tive vapupuri kuzvinhu izvi; saka kuti tiite sokuda kwomurau waMwari, tinopupura kuti takazviona zvinhu izvi. Tinozivawo kuti kana tinorutendo muna Kristu tichabvisa ropa ravanhu vose riri panhumbi dzedu, tigowanikwa tisina kana kavara pamberi pechigaro chokutonga chaKristu, nokudaro tinozogara naye muhupenyu husingaperi kudenga. Kukudzwa ngakuve kuna Baba, nokuMwanakomana, nokuMweya Mutsvene,

ari Mwari mumwe chete. Amen.”

Oliver Cowdery  
David Whitmer  
Martin Harris

Mushure mokuitika kwezvinhu zvose izvi, kwakawanikwa humwe huchapupu hwakanyorwa pasi uhu.

## Huchapupu Hwevanhu Vasere

“Ngazvizikanwe kumarudzi ose, mumitauro yakasiyana siyana nokuna vose vachaverenga rugwaro urwu: Kuti Joseph Smith, akadudzira gwaro rino akatiratidza mafendefa aya akataurwa, anoratidzika segoridhe; tikabata namaoko edu huzhinji hwamafendefa aakanga apedza kududzira; tikaonawo zvinyorwa zvaiva pamafendefa apa, zvose zvichiratidza kunyora kwe chinyakare, noruoko rwenyanzvi.

Izvi tinozvipupura takapfava, kuti Joseph Smith akatiratidza zvinhu izvi, nokuti takaona tikasimudza namaoko edu, saka tinoziva zvechokwadi kuti Joseph Smith anawo mafendefa atataura. Tinopa mazita edu kunyika, kupupura kunyika zvatakaona. Zve hatinyepi, Mwari anotipupurira.”

Christian Whitmer  
Jacob Whitmer  
Peter Whitmer  
(Mwana)  
John Whitmer

Hiram Page  
Joseph Smith  
(Baba)  
Hyrum Smith  
Samuel H. Smith

Takamirira zvino kuti zvatakavimbiswa nengirozi iya yakatigadza Hufundisi hwa Aaron zvichizadziswa, takavimbiswa kuti tikaramba tiine rutendo, tichawanavo Hufundisi hwaMelchizedek hunesimba rokuisa vanhu maoko pamusoro kuti vagashire Mweya Mutsvene.





**Hufundisi hwaMelchizedek  
hwakagamuchidzwa kubva  
mumaoko a Petro, Jakobu  
naJohane.**

(Muprofita akati Hufundisi hwa Melchizedek hwakagashirwa nokuna Peter, James na John, panzvimbo yakatevedza rwizi rwunonzi Susquehanna, pakati pe Harmony, Susquehanna, Pennsylvania ne Colesville iri ruwa rwe Broome, New York.)

## **Svondo Yamiswa**

Bhuku ra Mormon riri mukudhindwa takafambira mberi tichipa huchapupu, nokudzidzisa, pose patainga tawana mukana, tikazivisavo vamwe vedu kuti takapihwa murau wokuti titangise Svondo; nokudaro takasangana pamwe chete kuti titangise basa iri, mumba mava Peter Whitmer, Baba, (tiri vatanhatu) chiri Chipiri, 6 April, mugore ra 1830. Takatangisa musangano uyu nokunamata--kuna Baba woKudenga takatangisa, sokurairwa kwatakanga taitwa, kutaurira vamwe vedu nokuda kuziva kuti vanobvuma here kuti tive varairidzi vavo muzvinhu zvohumambo, hwa Mwari, nokutivo vanogutswa here kuti tifambire mberi tive nesvondo sokutaurirwa kwatakanga taitwa. Vakabvuma kuita zvose izvi nomwoyo mumwe chete. Ndakaisa maoko angu pamusoro pa Oliver Cowdery, ndikamuita mukuru re "Svondo ya Jesu Kristu ya Vatendi vamazuva Ekupedzisira," mushure mezvo akandiitawo zvimwe chetezvo zvandakanga ndamuita.

Takatora chingwa, tikachiropafadza, tikachimedura navo: Tikatorawo waini, tikairopafadza, tikanwa navo. Takaisa maoko edu pamusoro pomunhu oga oga aiva weSvondo aripo, kuti vatambire chipo choMweya Mutsvene, kuti vave nhengo dzakasimbiswa dze Svondo kwete zvokuti tekeshe zviya, --vamwe vakaprofita, vamwe tose tikarumbidza Ishe, tikafara zvikuru.

Iye zvino tava kuenda mberi tichigadza

vamwe venhengo dzedu muzvigarro  
 zvakasiyana siyana zveHufundisi,  
 sokujekeserwa kwatinenge taitwa noMweya;  
 mushure menguva yakanaka yokufara  
 yatakapedza tichipupura nokunzwa pachedu  
 simba namaropafadzo oMweya mutsvene,  
 nenyasha dzaMwari dzaiva patiri,  
 takaparadzana nokufara kuti mumwe  
 nomumwe wedu, sokubvumirwa  
 kwazvakanga zvaitwa na Mwari, atova  
 nhengo ye Svonda ya Jesu Kristu,”  
 yakaronga mayerano neMirau inoratidza  
 zvakapihwa na Iye kwatiri mumazuva  
 okupedzisira, namaruramiro e Svondo  
 sokunyorwa kwazvakaitwa mu Testamende  
 itsva.

\* \* \* \*

Uhu huchapupu, husina chinoshamisira  
 hwa Joseph Smith, huchitipa zvimwe  
 zvezvinhu zvakaita kuti Svondo ya Jesu  
 Kristu ya Vatendi Vamazuva Okupedzisira,  
 ivepo.

Mushure mokumiswa kweSvondo iyi  
 navateveri vake vakatama kubva ku New  
 York vachienda ku Kirtland, Ohio, pedyo ne  
 Cleveland. Ikoko kwakavakwa Temberi  
 yakanaka zvinoshamisa, kwakaitwa basa  
 rohufundisi rakanyanya, Svondo ikawana  
 vanhu vakawanda kwazvo. Panzvimbo  
 dzakavhurwa dzeSvondo, Missouri yaiva  
 imwe yadzo, uko kwakazotamira svondo  
 yose.

Yaiva nguva yokuvengwa kwesvondo iyi  
 navanhu. Vatendi vamuzuva Ekupedzisira,  
 vakavengwa zvisingataure chinhu. Vanhu  
 vakavatandanisa, vachivamanikidza kubva  
 munzvimbo dzavakanga vagere, vakasiiswa  
 misha, minda yavo yaiyevedza, nedzimba  
 dzavo dzokunamatira.

Vakaenda ku Illinois  
 kwavakasvikogashirwa zvakakanaka,  
 vakakanganwa kusuwa kwavo. Vakatenga

nzvimbo huru kwazvo yaingova jahwi rega mu Mississippi. Vakachera madhunduru mvura yose ikapwa, jahwi rikapera, vakavaka guta guru kupfuura mamwe maguta ose amazva iwayo mu Illinois--Nauvoo, ""Yakanaka." Basa rokuparidza, mu America ne England rakadzora vazhinji, basa rikabudirira kwazvo munzvimbo idzi kwechinguva chakati.

Asi runyararo rwomu Nauvoo rwakava rwechinguva chipfupi. Vatendi vakatanga kunetswa zvakare pamusana pokunamata kwavo. Joseph Smith; nomukoma wake Hyrum vakasungwa vachipomerwa mhosva vakaiswa mujeri ku Carthage, Illinois. Varimo, Vakamirira kutongwa nomurau wenyika, vakapfurwa nemhomho yavanhu vakanga vakazvinyora kumeso, vakafa uri musu wa June 27, 1844, mutemo wenyika ukasavadzivirira.

Va Brigham Young vakava mutungamiri we Svondo. Vari pasi pavo vatendi vakaita rwendo rwavo rukuru vachitamira kumakomo anonzi Rocky Mountains, kwavakasvikove vanhu vakabudirira pamusana pokutambudzika norutendo.

Joseph Smith anorangarirwa nhasi uno namazana namazana ezviuru zvavanhu somuprofita waMwari. Kugara nokubudirira kwakaitwa naavo, vakagashira huchapupu hwake, chiratidzo chohutsvene hwebasa rake. Hwaro hweSvondo ya Jesu Kristu yaVatendi Vamazva Ekupedzisira hwakavakwa pamusoro pezvakaraidzwa, nechokwadi chinoyera chaakadzidzisa, nesimba roHufundisi rakadzorerwa nomaari.

(Excerpted from Joseph Smith 2:3-75 and History of the Church of Jesus Christ of Latter-day Saints Salt Lake City: Deseret Book Company, 1967 1:2-79.)

---

**Kero dzamahofisi e Sangano RaJesu Kristu  
raVatendi Vamazuva Ekupedzisira dziri munyika  
dzose. Dzimwe dzakanyorwa pasi apa. Ungadzidza  
nezvesangano uye nezve Vhangeri ra Jesu Kristu  
nokubatana nehofisi iri pedyo newe.**

**Missionary Department  
50 East North Temple, 12th Floor  
Salt Lake City, Utah 84150  
U.S.A.**

**Africa West Area Office  
P.O. Box 2585  
Accra, Ghana. West Africa  
Phone: 233-21-503-212**

THE CHURCH OF  
JESUS CHRIST  
OF LATTER-DAY SAINTS

SHONA



4 02326 67731 5

32667 731